WIKIPÉDIA

Sajarah

Sajarah iku sejatine rekaman kedadéan-kedadéan nyata ing taun kapungkur. Sajarah iku béda tegesé karo istilah **babad**. Babad tegesé luwih amba, antarané maca aji-aji luhur, kepahlawanan, kejayaan, kegetiran, duka lan lara, pengkhianatan, sajarah, silsilah, epos, legenda, kabèh iku dadi siji.

Kedadéan-kedadéan sing duwé aji kang istimewa ing sajarah manungsa antarané Revolusi Industri, Perang Donya I, Perang Donya II, lan liya-liyané.

Jinis-jinis

Pembagèyan sajarah iku gumantung saka sudhut pandang utawa cara arep mawas sajarah iku, ning lumrahé bisa dimawas saka kurun wektu utawa jaman saka tilas-tilas utawa piranti sing dianggo manungsa jaman iku.

- Jaman watu
- Jaman logam
- Jaman watu gedhé

Sajarah uga bisa dimawas saka sudhut pandang ngèlmu-ngèlmu tartamtu tuladhané:

- Sajarah Paleontologi
- Astronomi
- Biologi
- Géologi
- Antropologi
- Arkéologi

Sajarah uga bisa dimawas saka sudhut pandang wewengkon utawa kawasan tuladhané:

- Sajarah Donya
- Sajarah Indonésia
- Sajarah Jawa

Uga delengen

- Prasajarah
- Sumber sajarah

Cithakan:Cabang ngèlmu sosial

Artikel iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Sajarah&action=edit).

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Sajarah&oldid=1310005"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 09.07, 3 Oktober 2017.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.